

Pataje ak Devlope

Nan tout eta Florid la, Bondye kontinye travay li atravè anpil sa yo ki kwè nan li ki fòme sa nou rele legliz local yo. Gras a lapriyè ak kontribusyon yo bay nou rive jwenn rezulta sa yo:

- Gen **57 nouveau legliz** ke fonde ane ki sot pase a atravè pwojè Send Network Florida.
- **114 legliz rive ranfòse** nan Florida pandan ke Sentespri Bondye ap soufle yon souf lavi tot nèf sou pèp li.
- Baptist Collegiate Ministries ap etann li pami jenerasyon kap vini yo.
- Plizyé volontè te bay sèvis yo pou yon total **59,391 èdtan** a pwogram Disaster Relief pou yo te al ede sa yo ki te an difikilte apre pasaj siklònn Idalia.
- Hunger Relief Ministries ki la pou pou ede sa yo ki nan grangou, te selebre **39,030 rankont evanjelik** li ak moun ki gen bezwen finansye.

Gen jès ki fèt a moun say o atravè pwogram koperativ la ki rann jefò sa yo posib toupatou nan Eta Florid la.



Repons nou pote lè gen dezas atravè Disaster Relief Ministry



Ministère Haïtiennes | Tout Près de Vous.
Convention Baptiste de la Floride


flbaptist.org | #ReachFlorida #ReachTheWorld



Bòn Nouvèl pou Lemonn Antye



Sèvi Peyi yo



Selebre Yon Lavi ki Nouvo!

 Objektif Pnogram Koperativ Florida Baptist la se jwenn 29.5 milyon dola ki gen ladann:

- 1 milyon dola pou mete kanpe Legliz atravè pñogram Send Network Florida
- 1 milyon dola pou ede jefò pou remembre legliz yo
- 1.38 milyon dola pou Ministè ak Misyon Rejyonal Florida yo



Kontribisyon ou bay jodi a ka ede rakonte istwa demen an. Akoz legliz nou an travay avèk lòt legliz ki konekte ak nou nan Southern Baptist Convention, nou ap fè enpak atravè tout Eta Florid la, tout Etazini, e menm nan tout mond lan. Lè ou fè sakrifis pou kontribiye, nou sèvi ak yon pòsyon nan saw bay la pou pèmèt aktivite misyonè yo ale pi lwen ke si se te ou menm ki tap fè sa pou kont ou.

Bezwèn yo anpil.

- Gen **13 milyon moun nan Florid** ki jiskaprezan pa konnen ke Jezikri gen pouvwa pou sove yo.
- Gen yon valè **281 milyon moun** kap viv an Amerik di Nò ki pa gen okenn relasyon ditou ak Jezi. Sa vle di gen nesesite pou ta gènyen plis legliz. Kontribisyon wap bay nan sans sa, ka fè yon diferans.
- Gen **3,150** gwoup moun toupatou nan mond lan pa gen okenn angajman oswa ki pako janm tandem pale de levanjil Jezikri a ditou. Sa vle di kontribisyon paw la kapab ede retire gwoup moun sa yo nan fè nwa.

Lè nou mete tèt ansanm, legliz paw ak legliz pa nou, nou kapab ede elaji wayòm Bondye a nan tout ti lokalite, nan tout Etazini, e menm nan tout mond la. Nan kontribisyon legliz ou a bay, gen yon pòsyon ladann ki vinn jwenn Florida Baptist Convention ki li menm voye 51 poustan nan sal resevwa bay Southern Baptist Convention (SBC). Lajan sa li menm SBC patajel bay International Mission Board (IMB), North American Mission Board (NAMB) ak lòt ministè ki angaje nan zafè misyon.

Pouse Fè Misyon

